



Pou Piblikasyon Imedya: 11/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENPAK ENVESTISMAN ANYÈL 10 MILYON DOLA
POU OGMANTE SIPÒ POU ETIDYAN SUNY KI GEN ANDIKAP YO**

***Finansman yo bay kanpis piblik SUNY yo pandan ane sa a
Ogmantasyon operasyonèl istorik 163 milyon dola***

Fèy enfòmasyon ki dekri inisyativ kanpis la disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kijan kanpis State University of New York yo ap investè prèske 10 milyon dola nan finansman anyèl Eta a pou sipòte etidyan yo idantifye ki gen andikap yo. Finansman an te garanti atravè ogmantasyon istorik 163 milyon dola nan èd fonksyonman dirèk pou kanpis piblik SUNY yo ane sa a.

"Pandan n ap defann enklizivite, n ap make yon pa enpòtan nan angajman nou pou asire chak etidyan gen opòtinite pou yo pwospere nan New York ak nan SUNY," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman istorik sa a montre devouman nou pou kreye yon anviwònman edikasyon kote tout moun ka pouswiv rêv yo epi gen siksè. Ansanm, n ap konstwi yon avni kote yo pa jis rekonèt divèsite men selebre l tou, epi kote yo rekonèt ak nouri potansyèl chak moun."

Ofisye Anchèf pou Moun Andikape nan Eta New York yo, Kim Hill Ridley, te deklare, "Li nesesè pou nou bay etidyan fakilte nou yo ki gen andikap yo tout zouti yo bezwen pou yo reyisi pou yo vin anplwaye ki byen kalifye demen. Lè nou konsidere to travay moun ki gen andikap yo bokou pi ba pase kamarad yo ki pa andikape yo, investisman sa a mache men nan men ak tout lòt inisyativ Gouvènè Hochul ap lanse nan efò pou amelyore siyifikativman to travay kominote moun andikape nan New York. Se yon gwo viktwa!"

Chanselye SUNY John B. King, Jr. te vizite SUNY College of Optometry, kote li te rankontre avèk etidyan ak chèchè aktyèl ak potansyèl yo nan Sant Rechèch Vizyon Klinik (Clinical Vision Research Center) la. SUNY Optometry planifye pou l itilize 250,000 dola li nan finansman an pou sipòte etidyan ki gen andikap lè li etabli yon Sant pou Ansèyman ak Aprantisaj, ki pral loje Biwo Sèvis pou Moun Andikape/Aksesibilite. Atravè Sant lan, SUNY Optometry pral anboche yon espesyalis aprantisaj pou gide etidyan ki gen andikap yo nan devlope estrateji pou pi byen sipòte pwofil aprantisaj espesifik yo epi ede pwofesè yo adopte apwòch ansèyman enklizif pou elèv sa yo.

Chanselye SUNY an, King, te deklare, "SUNY angaje nan siksè etidyan epi nan divèsite, ekite, ak enklizyon—sa ki gen ladan l'asire kanpis nou yo se anviwònman akeyan epi ki bay sipò pou etidyan ki gen andikap yo. Gras a envestisman istorik Gouvènè Hochul ak Lejislati a fè nan bidjè fonksyonman SUNY pou 2023-24, SUNY ap envesti premye finansman dirab prèske 10 milyon dola pa ane pou sipòte kanpis piblik yo nan ogmante sipò pou etidyan ki gen andikap yo lè li bay plis aksè nan kou, devlopman pwofesyonèl pwofesè, ak èd tranzisyon soti nan lekòl segondè pou ale nan inivèsite ak pou ale nan karyè."

Senatè Eta, Toby Ann Stavisky, te deklare, "Etidyan ki sou kanpis piblik SUNY yo merite menm opòtinite pou aprann, grandi ak amelyore kandida alavni yo menm jan ak tout lòt etidyan yo. Finansman sa a pral kontribiye anpil pou asire moun k ap viv ak andikap yo gen aksè a menm eksperyans edikatif anrichisan tankou kamarad yo. Finansman sa a se pou plis pase 30,000 etidyan SUNY ki pral benefisye li."

Manm Asanble, Patricia Fahy, te deklare, "SUNY kontinye eklere chemen pou nou swiv la sou envestisman inovatè ki santre ekite sou kanpis nou yo atravè Eta New York. Envestisman 10 milyon dola sa a pral diminye obstak yo epi sipòte etidyan ki gen andikap yo, ede yo achte nouvo teknoloji ak ekipman aksesibilite, bay nouvo espas fizik, epi ede etidyan yo fè tranzisyon soti nan lekòl segondè pou ale nan inivèsite pi fasil. Ogmantasyon 163 milyon dola nou an nan èd fonksyonman ki te garanti ane pase a ap pote rezilta pou etidyan ak kanpis New York yo, epi mwen felisite Chanselye John King pou vizyon li genyen sou yon SUNY kote chak etidyan gen opòtinite pou yo reyisi ak reyalize rèv yo genyen pou yo rive jwenn yon edikasyon siperyè."

Prezidan SUNY College of Optometry, David A. Health, te deklare, "Nou apresye anpil nouvo fon siplemantè yo bay inivèsite a. Lajan sa yo pèmèt nou non sèlman elaji sèvis andikap ak sante mantal nou yo, men tou amelyore sans byennèt tout etidyan nou yo ak kapasite yo pou maksimize aprantisaj yo. Finalman, sa ap ede yo ranfòse eksperyans swen sante yo bay kominote y ap sèvi yo."

Lòt kanpis SUNY yo ap itilize pati pa yo nan envestisman prèske 10 milyon dola eta a pou elaji sèvis pou etidyan yo idantifye ki gen andikap yo nan plizyè fason, tankou:

- Tout 29 kanpis piblik yo ap anboche anplwaye pou diminye obstak ak sipòte etidyan ki gen andikap, sa ki gen ladan kowòdonatè sèvis pou moun andikape yo, espesyalis aprantisaj, espesyalis pou aksè fizik, ak ofisye aksè nan teknoloji enfòmasyon elektwonik (electronic information technology, EIT).
- Omwen 25 kanpis pral achte nouvo teknoloji ak ekipman aksè pou etidyan yo ak pwofesè yo pou asire etidyan yo ka jwenn aksè nan kontni kou dijital yo ak an pèsòn.
- Omwen 24 kanpis pral envesti nan amelyorasyon nan espas fizik la nan kanpis la pou vin pi aksesib pou etidyan ki gen andikap yo.
- Omwen 21 kanpis pral bay pwofesè yo devlopman pwofesyonèl sou sijè tankou sipò pou etidyan ki gen andikap.

- Omwen 8 pwogram ap devlope pwogram tranzisyon dete pou ede etidyan ki gen andikap yo fè tranzisyon soti nan lekòl segondè pou ale nan inivèsite.
- Omwen 11 kanpis ap itilize lajan yo pou sipòte lòt sipò inovatè ki konsantre sou etidyan pou etidyan ki gen andikap yo.

Fèy enfòmasyon ki dekri inisyativ kanpis la disponib [isit la](#).

Dapre done yo rapòte bay Depatman Edikasyon Eta New York la, plis pase 30,000 etidyan SUNY rapòte gen yon andikap, ki vle di tou 39% etidyan inivèsite yo idantifye avèk andikap nan eta a frekante yon enstitisyon SUNY. Men, dapre yon analiz ki soti nan Sant Nasyonal pou Estatistik Edikasyon (National Center for Education Statistics, NCES), sèlman 37% nan etidyan inivèsite ki te gen yon andikap nan inivèsite te rapòte li pandan yo nan inivèsite. NCES te jwenn etidyan ki rapòte yon andikap te gen plis chans pou yo mete yo nan kou ratrapaj epi yo te gen plis chans pou yo itilize sèvis akademik yo.

Prezantasyon State University of New York

State University of New York, ki te selebre 75yèm anivèsè li an 2023, se pi gwo sistèm edikasyon siperyè konplè nan Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 kilomèt (30 miles) de youn nan nenpòt nan 64 fakilte ak inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm nan, SUNY gen kat sant sante akademik, senk lopital, kat lekòl medikal, de lekòl dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl fakilte optometri eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini. An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2022 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite www.suny.edu.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)